

A Pane chashanduka here?

- ❖ Vakanga waitirawo Bhenjamini zvavakamuitirawo here? Vakanga vari kuchengeta baba vavo vainge vakwegura here?
- ❖ Kuitira hanya vasina simba uye vasina kuzvidzivirira yaive imwe yemisimbotti yemubhaibheri yakange yatambirwa naJosefa (Eks. 22: 21-23; Rv. 19:14, 32).
- ❖ Kushungurudzwa mukati memhuri ndechimwe chakakomba zvikuru, nekuti chinowanzo nyararwa. Hapana kushungurudzwa panyama, pabonde, kana mumanzwiro kunogamuchirika.
- ❖ Nerombo rakanaka, baba vake nemunin'ina wake vainge vari wadi(Gn. 42:13). Mamiriro ezviro ainge ahanduka.

B Vakatendeuka here?

- ❖ Josefa aive atoregerera vakoma vake. Iyi nyaya ingadai yakave yakasiyana zvakanyanya dai akasarudza ruvengo uye chigumbu pachinzvimbo chekuregerera.
- ❖ Zvakadaro, iye aisada kudzoreredza hukama hwemhuri yake kana paive nenjodzi yekushungurudzwa nevakoma vake zvakare.
- ❖ Vakoma vake havana kuziva kuti Josefa aigona kunzwisisa mutauro wavo, saka vakataura pachena vachiratidza kuzvidemba kwavo. Makore 21 ekuzvidemba!
- ❖ Josefa akagutsikana mushure memimwe miedzo. Akaratidza kusarura kuna Bhenjamini, asi vakoma vake havana kuratidza godo , asi vakadzivirira Bhenjamini(Gn. 43:34; 44:33-34).

C Ndovaregerera here?

- ❖ Ko dai vakoma vaJosefa vasina kutendeuka kana kushanduka zvachose? Aifanira kuvaregerera here?
- ❖ Kukanganwira kwechokwadi kunosanganisira kukanganwira vamwe kunyange kana vasingakodzeri. Rudo rwaMwari rwokuregerera haruna zvinofanirwa kutanga zvavepo, kunyangwe patinenge tisingakodzeri.
- ❖ Tinoregerera nekuti Mwari akatiregerera(VaRoma 4:7). Patinoregerera vamwe, hasha dzedu dzinobva dzapera. Zvekare zvinosara kumashure, uye isu tinogona kuenderera nerudo uye nekugamuchirwa.

D Ndiani anofanirwa kutanga?

- ❖ Patinorwadziswa nevamwe, mamwe maronda anogona kutirwadza. Tinogona kunzwa kupwanyika, kugumbuka, uye kutsamwa.
- ❖ Ini ndinofanira kuchengeta iyo ruvengo neukasha kusvikira mukanganisi akumbira ruregerero? Ini ndini ndinofanira kusarudza kuti ndoregerera here kana kuti kwete.
- ❖ Tinogona kugoverana kutsamwa kwedu naMwari. Tinogona kutomukumbira kuti atsivire mhosva (Mapisarema 59: 12-13; 69: 23-24). Kana tangatora kusvotwa kwedu kuna Mwari, pane nzira imwe chete mberi: kuregerera.
- ❖ Jesu ndiye muenzaniso mukuru. Pamuchinjikwa, akakumbira Mwari kuti aregerere vaimuuraya: “Baba, muvakanjira, nokuti havaziwi chavanoita.” (Ruka 23:34)

E Chii chichateera?

- ❖ Pakupedzisira, mhuri yaJosefa yakayananiswa (Gn. 46:29). Kunyangwe zvese zvaitaridzika zvakakwana, paive nemamwe maronda anga asina kupora zvakakwana.
- ❖ Mushure mekufa kwaJakobho, vakoma vaJosefa vakanzwa kuzvidemba uye kutya zvakare.Kuregerera kwaJosefa kwaive kwechokwadi here(Gn. 50:15)?
- ❖ Ruregerero rwaJoseph rwakanga rwusina kubva pamanzwiro ake, asi pamisimbotti yake. Akavaregerera sezvo Mwari aive amuregerera. Ainge anzwisisa hurongwa hwaMwari kwaari (Gn. 50:20). Hakuna nzvimbo yekugumbuka muhurongwa hwaMwari kwatiri.